ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№152 (21.560) ● 2009 гъэм шыщхьэIум (августым) и 11, гъубж ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэр къэщтэным и IуэхукIэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и IуэхукIэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым тету, **унафэ сшI:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтыну къэщтэн мы къыкIэлыкIуэхэр:

Ажахъуэ Къ. М.- «Бум-Банк» ООО коммерческэ банкым и правленэм и унафэщIыр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Коммерческэ организацIэхэм я союзым и тхьмадэр («Налшык» бизнес-клуб)

Аттаев Ж. Ж. - «Заман» газетым и редакцIэ» къэрал IуэхущIапIэм и редактор нэхьыщхьэр

Беппаев С. У.- Граждан жылагъуэм и IуэхущIапIэхэм зегъэужьынымрэ щIыхьым и хуитыныгъэхэмкIэ комиссэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыIэм жэуап зыхь и секретарыр

Бобылев В. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и православнэ члисхэм я Iэтащхьэр

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь.М. и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щIэныгъэ нэхьыщхьэ щрагъэгъуэт къэрал еджапIэм и ректорыр

Къумахуэ М. Л. - «Щоджэнцыкlу Алий и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей къэрал драмэ театр» къэрал щэнхабзэ IуэхущIапIэм и актерыр, «Урысей Федерацэм и театр лэжьакIуэхэм я союз» урысейпсо жылагъуэ зэгухьэныгъэм и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и тхьэмадэр

Любуня Н. Г. - Тэрч-Балъкъ къэзакъ округым щыщу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэм хиубыдэм и атаманыр

Попов В. М. - Прохладнэ къалэм и «Курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт школ №42» муниципальнэ еджапIэм и унафэщIыр

Пщыхьэщхьэ I. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Мусылымэнхэм я IуэхущIапIэм и унафэщIыр

Созаев А. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ усакIуэр, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и цIыхубэ усакIуэр

Тау П. КI. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацIэхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Федченко Л. М.- Гидрометеорологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм и щытыкIэм кIэлыпIэныныкIэ федеральнэ кIуалыкъум и «Къуршхэм я геофизикэмкIэ институт» къэрал IуэхущIапIэм и программэхэм щIэныгъэмкIэ и унафэщIыр

ХьэфIыщIэ М. М. - «Адыгэ псалъэ» газетым и редакцIэ» къэрал IуэхущIапIэм и редактор нэхьыщхьэр, «Адыгэ Хасэ» Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и тхьэмадэр

Шабаев Л. М. - Налшык къалэм щыщ бгырыс журт-хэм я дин зэгухьэныгъэм и раввиныр

ЦIрдан Н. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Узыншагъэр хьумэныкIэ и министерствэм и «Кардиологие центр» къэрал IуэхущIапIэм и дохутыр нэхьыщхьэр

ЩIыхьэбахьуэ М. Хь. - Зауэм, лэжьыгъэм, ЗэщхIэ зэщIэуэзэда кьаруэхэм, хабзэхьумэ органхэм я ветеранхэм (пенсионерхэм) я Къэбэрдей-Балъкъэр республикэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и тхьэмадэр

Щокьарэ З. М. - «Урысейпсо телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и къудамэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпаниемкIэ хьыбарыщIэхэмкIэ и программэхэр езыгъэкIуэкIыр, ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщIыр

Эльмезов А.-Хь. М. - Урысей Федерацэм Граждан зыхьумэжьныгъэм и IуэхуэмкIэ, къыз эрымыкIуэ щыгъэкIэхэмкIэ, кьэхъуэ гъэзэгъэхэм я лъэжьхъэр гъэкIуэдыжьынымкIэ и министерствэм Ищхьэрэ щIыналъэм щыIэ и кIэлыхьхьэкIуэ-кьеГъэлакIуэ гупым и Iуащхьэмахуэ кьэлыхьхьэкIуэ-кьеГъэлакIуэ къудамэм и кьеГъэлакIуэр.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтхэу мы Указым щIэтхагъэм яхуэгъэлъэгъуэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм хэтын хуей адрей псори хэгъэхьынымкIэ щадзэнкI.

3. Мы Указым кьару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм шыщхьэIум и 5-м
№119-УП

Сокуров Александррэ Къанокъуэ Арсенрэ.

«Интонация» фильмым Къанокъуэ Арсени хэтщ

Урысей кинорежиссер цIэрыIуэ Сокуров Александр триха «Интонация» документальнэ проектыр япэ дыдэу зылъагъунухэм ящыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэр. А фильмым хэтщ КъБР-м и Президент Къанокъуэ Арсени.

ПРОЕКТым и япэ Iыхьихыр дызэрыт илъэсым и бадзэуэгъуэ мазэм япэу Санкт-Петербург утыку кьыщральхьащ, ахэр бжьыхьэм федеральнэ каналхэм ящыщ зымкIэ къагъэлъэгъэнущ. КъБР-м и лIыкIуэ IуэхущIапIэу Санкт-Петербург щыIэм и унафэщI Сэралъп Альбертрэ абы кьиIэтэ IуэхущIапIэ дзэзыIыгъа, фильмым и продюсер Рудное Олегрэ я фIыщIэкIэ, документальнэ фильмхэр нобэ щыщIэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхухэм я пащхьэ кьрелъхьэ «Налшык» ОРТК-м.

Сэралъп Альберт кьызэрыджиIамкIэ, «Интонация» проектыр фильм зыбжанэу зэхэтщ. Ахэр топсэлыхьэ жылагъуэ гъащIэм, иджырей Урысейм, Европэм кьапэщыт гуманитар IуэхуэхэмI. Дэтхэнэ фильмри авторымрэ ар зытеухуа цIыхумрэ я зэпсэльэныгъэу йокIуэжI. А псальэмакьхэм IуэхУ зэмылIэужьыгъуэхэр кьыщаIэт. Псальэм папщIэ, сыт «ныбжьыщIэ», «пив» псальэхэр зэщIыгъуу кьахьу щIыхуежьар, диныи дигъащIэм сыт хуэдэ мыхьэнэ щиIэ, Кавказым иджыпсту щызэтеува щытыкIэр хэт сыт хуэдэу кьильытэрэ. Ди лъэхьэнэгъуэхэм, дыкьэзыухьуреихь дунейм, политикэм, тхыдэм топсэльыхь Iэщлагъэ зэмылIэужьыгъуэхэм ирилажьэ цIыхухэу хы: УФ-м и Конституцэ Судым и УнафэщI Зорькин Валерий, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен, «РЖД» ОАО-м и президент Якунин Владимир, уэчыл Шмидт Юрий, композитор Слонимский Сергей, филолог Аверин Борис сымэ.

Сокуров Александр иригъэжьа проектым и япэ Iыхьэр ихущ икIи абы адэкIэ пищэну и мурадщ Европэм техын зыщыщIидза «Фауст» художественнэ фильмыр зэриухыну.

Дызэрыт тхьэмахуэм махуэ кьэс сыхьэтI 10-рэ дакьикьэ 25-м щыщIэдзауэ Сокуров Александр и фильмхэр «Налшык» ОРТК-м кьыщигъэлъэгъуэнущ НТВ-м и каналым. Махуэкум, щыщхьэIум и 13-м, сыхьэтI 10-рэ дакьикьэ 20-м, 18-рэ дакьикьэ 15-м къагъэлъэгъуэнущ КъБР-м и Президент Кьанокъуэ Арсен зыхэт, дакьикьэ 42-кIэ екIуэкI фильмыр.

ХЬЭПЭ Маринэ,
КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.



Зыри хэмыкIуадэу

Испаниемрэ полицэмрэ зэхегъэкI Мальоркэ хы-тIыуми Пальмэ курорт кьалэм дыгъуасэ щалажьа терактхэр.

Абы и хы Iуфэм пэмыкыжьэу кьаруу машIэ зыбгъэдэлъ бомбищ кьыщагъэуащ. Зыри хэкIуэдакьым икIи уIэгъэ хьуакьым, бомбэ зэрыщIальхьар полицэм псальэу зыгуэрым эраежриIам и фIыщIэкIэ. Яп бомбэр кьыщыуа шхапIэм зызыгъэпсэхухэр кьыщIашыным хунэса щхьэкIэ, еТуанэм цIыхуу щIэхэт. ИтIани, хэкIуэда е уIэгъэ зэрыщымыIам кьегъэльагъэу террористхэм цIыху яукIыну зэрыхуэмеяр. Абы кьалэну зыхуагъэувыжар Испаниием и экономикэр япэкIэ зыгъэкIуатэ туризмэм и лъэр щIэудынраци, ар кьохьуIэ - Мальоркэ щыIэ туристхэр куэдкIэ нэхь машIэ хьуащ, абы кIуэну зызыгъэхьэзыраХэми щIегъуэжа яхэтщ.

Бадзэуэгъуэм и 30-ми дыгуаси ялэжьа терактхэмкIэ жэуапыр кьищтащ басскэм я «ЭТА» зэщIэхъеныгъэм. Ар хущIокIу баск щIыналъэр Испаниием кьыгуэгъэкIыным.

Президентищыр зэгуроIуэ

США-м, Канадэм, Мексикэм я президентхэр щыIэхэуэсащ Мексикэм и Гвадалахарэ къалэм.

Ахэр тепсэлъыхьащ Гондурасыр кьыIэрыхута щытыкIэ хьэлъэм, наркотрафикым пэщIэтыным, A/H1N1 гриппым земыгъэубгъуным зэгъусэу зэрелэжьыну щIыкIэхэм.

Президентищым я зэIущIэр зэфIэкIыху, Гвадалахарэ кьалэр ткIийуэ яхьумащ полицейрэ зауэлIу Ту-134 кхъухьльатитI. Абы иса щIыхуи 166-мрэ кхъухьльатэхэр зэзыуа щIыху 13-мрэ хэкIуэдащ. Узбекистаным и «Пахтакор» тонджэгу командэр зэрыщыту иукIат абы щыгъэуэн.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьи 5-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 18-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 13-рэ.

ПIалэкIэр зыхьэхьэлъыр
ГЪУЩIО Зарифи.



◆ Чад Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэуэщ - 1960 гъэм кьэрал щхьэхуит хьуащ.

◆ 1979 гъэм Днепропетровск пэмыжьыжьэу щыгъэжьэхэуащ Ту-134 кхъухьльатитI. Абы иса щIыхуи 166-мрэ кхъухьльатэхэр зэзыуа щIыху 13-мрэ хэкIуэдащ. Узбекистаным и «Пахтакор» тонджэгу командэр зэрыщыту иукIат абы щыгъэуэн.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьи 5-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 18-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 13-рэ.

ПIалэкIэр зыхьэхьэлъыр
ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуущигъэ:

Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.

● Лэскэн куей

Мурадыфlыр зрагъэхъулIэ

Ташлы-Тала къуажэм пэмыжьыжьу щыIэ Хазни-Башн бгым иджыблагъэ дэкIащ Лэскэн куейм щыщ щIалэгъуалэ гуп. А щыгъуэ мы районым щыпхъэ ныбжь лъагэ дыдэщ - метр 4,800-рэ мэхъу.

БГЫМ дэкIыну ныбжьыщIэхэр япэ щIыкIэ щызэхуэсащ Ташлы-Тала къуажэм щыIэ турист лагерым. Абыхэм я узыншагъэр зыхуэдэр кьапщыта, къапэщылъ гъуэгуанэм щыгъуазэ ящIа нэужьщ гъуэгу техьэну хуит щащIар.

Бгым дэкIа гупым щыщхьэIум и I-м къагъэзэжащ, ящIа мурадыр кьаззрехьулIам я дэрэжьгъуэм нэхьри хигъэхьуауэ. Абыхэм я щIыхькIэ гуфIэгъэ пшыхь ирагъэкIуэкIащ.

Мы Iуэхугъэр ирагъэкIуэ кIащ ЩIалэгъуалэм я илъэсым и щIыкIэ, я мурад нэхьащIкIуэ щыгъари щIэблэр спортымрэ туризмэмрэ дегъэхьэхьныщ. Бгым дэкIаэм яхэтащ Лэскэн куейм и администрацэм и унафэщI Мэкъуауэ Арсенрэ куейм и прокурор Ержыб Хьэсэнрэ.

ХЬЭПЫЩIЭ Марьянэ.

● Май куей

Пхъэщхьэмыщхьэ пасэр къыпачыж

Май куейм щыIэхэт «Ленины» мэкъумэш IуэхущIапIэм мыIрысэ пасэр къыпечыж. Гъатхэр щыIэтыIуэ зэрыщытам емыльытауэ, кьрахьэлIэж пхъэщхьэмыщхьэр узынщэщ, теплъэ дахэ яIэщ. Иджыпсту Iуахьж пхъэщхьэмыщхьэ пасэм кьыкIэльыкIуэнущ «Мельба», «Боровинка» мыIрысэ лIужьыгъуэхэмрэ кьыщIэмрэ.

ХОЗЯЙСТВЭМ и жылыжьхэр хуэмурэ кьраупщыкIри, абыхэм я пIэкIэ щIэхэр хасэ. Мы гъэм кьрахьэлIэж пхъэщхьэмыщхьэр щэным гугъу дехьынукьым. Ахэр занщIэу Iуащ нэхь пасэу зэгурыIуэныгъэ зрагъэщIыла хьэрыгъэтыщIэхэм. Мы мэкъумэш IуэхущIапIэм и пхъэщхьэмыщхьэ пасэхэр Майм и мызакъуэу, республикэм и адрей куейхэми лъагэлIэс. ЗэщIагъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, дяпэкIэ Iэмал ягъуэтынущ я пхъэщхьэмыщхьэр гъунэгъу республикэхэми иращену.

ШЭРЭДЖДиев.

● Шынагъуэншагъэ

Гугъуехьхэр куэдщ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэм-кIэ министерствэу КъБР-м щыIэм видеоконференц щытыкIэм ягу щекIуэкIащ Урысей МВД-м и зи мыгъэзу зэIущIэ. Ар къэралым и гъэзугъэм щынагъэншэу щызекIуэным пыщIа гугъуехьхэм теухауэ щытащ. ЗэIущIэр ригъэкIуэкIащ УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид.

ВИДЕОЗэIущIэм хэтащ УФ-м гъэзугъ щынагъуэншагъэмкIэ и къэрал инспектор, милицэм и генерал-полковник **Кирьянов Виктор,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ **Уянаев Казым**, республикэ милицэм и унафэщIым и кьуэдзэ, МОБ-м и унафэщI **Касумов Сергей,** КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Тэтрокъуэ Арсен,** КъБР-м гъэзугу щынагъуэншагъэмкIэ и комиссэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм щыIэ УВД-ОВД-хэм я лIыкIуэхэр.

Министрым кIыхьыгъэщащ нужьрей махуэхэм кьэхъуа, цIыху куэд зыхэкIуда гъуэгу-транспорт насыпыншагъэхэм ящыщ зэрагъэпIейтеяр, ди къэралым и гъэзугъэм щынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ щыIэ гугъуехьхэми кьытеувыщащ.

Мазихым кьриубыдэу Урысей Федерацэм и гъэзугъэм насыпыншагъэ мин 84,5-рэ кьыщыхьуащ. Абыхэм щыху 10227-рэ зэкIуэдащ, мини 106-м щIигъуи фэбжь ягъуэтащ. Жылагъуэм дежкIэ пхуэмыгъэзэкIуэжьын хэщIыныгъэшхэщ а машинэ зэжьэхэуэхэщ а сабий 341-рэ зэрыхэкIуэдар, мини 9-м нэблагъэм фэбжь зэрыхахар.

- Нэхьыщхьэр цIыхухэм я зэхэщIыкIым хэгъэхьэныщ. Ди дежкIэ зэхуэдэу щытын хуейщ рулым дэсу хэтми. Милицэм и лэжьакIуэ, кьулыкъущIэ е кьызэрыгуэкI цIыху ирехьуи, хабзэм псори щызэхуэдэщ икIи мыбдеж зэхэгъэж гуэр щыIэнкIэ Iэмал иэкьым. Чэфу рулым дэтIысхьэхэри щIэпхьаджащIэщ. И Iпэ ныкьуэм апхуэдэу мелуани 2-м щIигъу ятхащ, - жиIащ Нургалиевым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэм кьызэритамкIэ, республикэ милицэм и унафэщIхэм гъэзугу щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным тёухуауэ яп игъэщIыпхэ кьаланэхэр ягъэнэIуащ. Абыхэм ящыщщ гъэ еджэгуэщIэм и пэ кьихуэу щыкоп автобус-хэр кьапщытэнкIэ, щыхуэхэр кьезыщIэкI транспортым и рулым дэсхэр зэрыпэжьэн хуей пIалъэмрэ я зыгъэпсэхугъэмрэ кьызэрызэгъэпэщам кIэлъыплъынкIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУЖантинэ.



Зыри хэмыкIуадэу

Испаниемрэ полицэмрэ зэхегъэкI Мальоркэ хы-тIыуми Пальмэ курорт кьалэм дыгъуасэ щалажьа терактхэр.

Абы и хы Iуфэм пэмыкыжьэу кьаруу машIэ зыбгъэдэлъ бомбищ кьыщагъэуащ. Зыри хэкIуэдакьым икIи уIэгъэ хьуакьым, бомбэ зэрыщIальхьар полицэм псальэу зыгуэрым эраежриIам и фIыщIэкIэ. Яп бомбэр кьыщыуа шхапIэм зызыгъэпсэхухэр кьыщIашыным хунэса щхьэкIэ, еТуанэм цIыхуу щIэхэт. ИтIани, хэкIуэда е уIэгъэ зэрыщымыIам кьегъэльагъэу террористхэм цIыху яукIыну зэрыхуэмеяр. Абы кьалэну зыхуагъэувыжар Испаниием и экономикэр япэкIэ зыгъэкIуатэ туризмэм и лъэр щIэудынраци, ар кьохьуIэ - Мальоркэ щыIэ туристхэр куэдкIэ нэхь машIэ хьуащ, абы кIуэну зызыгъэхьэзыраХэми щIегъуэжа яхэтщ.

Бадзэуэгъуэм и 30-ми дыгуаси ялэжьа терактхэмкIэ жэуапыр кьищтащ басскэм я «ЭТА» зэщIэхъеныгъэм. Ар хущIокIу баск щIыналъэр Испаниием кьыгуэгъэкIыным.

Президентищыр зэгуроIуэ

США-м, Канадэм, Мексикэм я президентхэр щыIэхэуэсащ Мексикэм и Гвадалахарэ къалэм.

Ахэр тепсэлъыхьащ Гондурасыр кьыIэрыхута щытыкIэ хьэлъэм, наркотрафикым пэщIэтыным, A/H1N1 гриппым земыгъэубгъуным зэгъусэу зэрелэжьыну щIыкIэхэм.

Президентищым я зэIущIэр зэфIэкIыху, Гвадалахарэ кьалэр ткIийуэ яхьумащ полицейрэ зауэлIу Ту-134 кхъухьльатитI. Абы иса щIыхуи 166-мрэ кхъухьльатэхэр зэзыуа щIыху 13-мрэ хэкIуэдащ. Узбекистаным и «Пахтакор» тонджэгу командэр зэрыщыту иукIат абы щыгъэуэн.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 6-рэ дакьикьи 5-м, кьуэхьжьнущ сыхьэт 20-рэ дакьикьэ 18-м.

◆ Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэт 14-рэ дакьикьэ 13-рэ.

ПIалэкIэр зыхьэхьэлъыр
ГЪУЩIО Зарифи.

Лъэпкъ Iуущигъэ:

Гугъэ нэпцIыр щхьэгъэпцIэжщ.

● Лэскэн куей

Мурадыфlыр зрагъэхъулIэ

Ташлы-Тала къуажэм пэмыжьыжьу щыIэ Хазни-Башн бгым иджыблагъэ дэкIащ Лэскэн куейм щыщ щIалэгъуалэ гуп. А щыгъуэ мы районым щыпхъэ ныбжь лъагэ дыдэщ - метр 4,800-рэ мэхъу.

БГЫМ дэкIыну ныбжьыщIэхэр япэ щIыкIэ щызэхуэсащ Ташлы-Тала къуажэм щыIэ турист лагерым. Абыхэм я узыншагъэр зыхуэдэр кьапщыта, къапэщылъ гъуэгуанэм щыгъуазэ ящIа нэужьщ гъуэгу техьэну хуит щащIар.

Бгым дэкIа гупым щыщхьэIум и I-м къагъэзэжащ, ящIа мурадыр кьаззрехьулIам я дэрэжьгъуэм нэхьри хигъэхьуауэ. Абыхэм я щIыхькIэ гуфIэгъэ пшыхь ирагъэкIуэкIащ.

Мы Iуэхугъэр ирагъэкIуэ кIащ ЩIалэгъуалэм я илъэсым и щIыкIэ, я мурад нэхьащIкIуэ щыгъари щIэблэр спортымрэ туризмэмрэ дегъэхьэхьныщ. Бгым дэкIаэм яхэтащ Лэскэн куейм и администрацэм и унафэщI Мэкъуауэ Арсенрэ куейм и прокурор Ержыб Хьэсэнрэ.

ХЬЭПЫЩIЭ Марьянэ.

● Май куей

Пхъэщхьэмыщхьэ пасэр къыпачыж

Май куейм щыIэхэт «Ленины» мэкъумэш IуэхущIапIэм мыIрысэ пасэр къыпечыж. Гъатхэр щыIэтыIуэ зэрыщытам емыльытауэ, кьрахьэлIэж пхъэщхьэмыщхьэр узынщэщ, теплъэ дахэ яIэщ. Иджыпсту Iуахьж пхъэщхьэмыщхьэ пасэм кьыкIэльыкIуэнущ «Мельба», «Боровинка» мыIрысэ лIужьыгъуэхэмрэ кьыщIэмрэ.

ХОЗЯЙСТВЭМ и жылыжьхэр хуэмурэ кьрауупщыкIри, абыхэм я пIэкIэ щIэхэр хасэ. Мы гъэм кьрахьэлIэж пхъэщхьэмыщхьэр щэным гугъу дехьынукьым. Ахэр занщIэу Iуащ нэхь пасэу зэгурыIуэныгъэ зрагъэщIыла хьэрыгъэтыщIэхэм. Мы мэкъумэш IуэхущIапIэм и пхъэщхьэмыщхьэ пасэхэр Майм и мызакъуэу, республикэм и адрей куейхэми лъагэлIэс. ЗэщIагъэлIэхэм зэрыжаIэмкIэ, дяпэкIэ Iэмал ягъуэтынущ я пхъэщхьэмыщхьэр гъунэгъу республикэхэми иращену.

ШЭРЭДЖДиев.

● Шынагъуэншагъэ

Гугъуехьхэр куэдщ

Къэрал кIуэцI Iуэхухэм-кIэ министерствэу КъБР-м щыIэм видеоконференц щытыкIэм ягу щекIуэкIащ Урысей МВД-м и зи мыгъэзу зэIущIэ. Ар къэралым и гъэзугъэм щынагъэншэу щызекIуэным пыщIа гугъуехьхэм теухауэ щытащ. ЗэIущIэр ригъэкIуэкIащ УФ-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр, армэм и генерал Нургалиев Рашид.

ВИДЕОЗэIущIэм хэтащ УФ-м гъэзугъ щынагъуэншагъэмкIэ и къэрал инспектор, милицэм и генерал-полковник **Кирьянов Виктор,** КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и кьуэдзэ **Уянаев Казым**, республикэ милицэм и унафэщIым и кьуэдзэ, МОБ-м и унафэщI **Касумов Сергей,** КъБР-м щыIэ МВД-м и УГИБДД-м и унафэщIым и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Тэтрокъуэ Арсен,** КъБР-м гъэзугу щынагъуэншагъэмкIэ и комиссэхэм, муниципальнэ щIыналъэхэм щыIэ УВД-ОВД-хэм я лIыкIуэхэр.

Министрым кIыхьыгъэщащ нужьрей махуэхэм кьэхъуа, цIыху куэд зыхэкIуда гъуэгу-транспорт насыпыншагъэхэм ящыщ зэрагъэпIейтеяр, ди къэралым и гъэзугъэм щынагъэншагъэр кьыщызэгъэпэщынымкIэ щыIэ гугъуехьхэми кьытеувыщащ.

Мазихым кьриубыдэу Урысей Федерацэм и гъэзугъэм насыпыншагъэ мин 84,5-рэ кьыщыхьуащ. Абыхэм щыху 10227-рэ зэкIуэдащ, мини 106-м щIигъуи фэбжь ягъуэтащ. Жылагъуэм дежкIэ пхуэмыгъэзэкIуэжьын хэщIыныгъэшхэщ а машинэ зэжьэхэуэхэщ а сабий 341-рэ зэрыхэкIуэдар, мини 9-м нэблагъэм фэбжь зэрыхахар.

- Нэхьыщхьэр цIыхухэм я зэхэщIыкIым хэгъэхьэныщ. Ди дежкIэ зэхуэдэу щытын хуейщ рулым дэсу хэтми. Милицэм и лэжьакIуэ, кьулыкъущIэ е кьызэрыгуэкI цIыху ирехьуи, хабзэм псори щызэхуэдэщ икIи мыбдеж зэхэгъэж гуэр щыIэнкIэ Iэмал иэкьым. Чэфу рулым дэтIысхьэхэри щIэпхьаджащIэщ. И Iпэ ныкьуэм апхуэдэу мелуани 2-м щIигъу ятхащ, - жиIащ Нургалиевым.

КъБР-м щыIэ МВД-м и пресс-IуэхущIапIэм кьызэритамкIэ, республикэ милицэм и унафэщIхэм гъэзугу щынагъуэншагъэр кьызэгъэпэщыным тёухуауэ яп игъэщIыпхэ кьаланэхэр ягъэнэIуащ. Абыхэм ящыщщ гъэ еджэгуэщIэм и пэ кьихуэу щыкоп автобус-хэр кьапщытэнкIэ, щыхуэхэр кьезыщIэкI транспортым и рулым дэсхэр зэрыпэжьэн хуей пIалъэмрэ я зыгъэпсэхугъэмрэ кьызэрызэгъэпэщам кIэлъыплъынкIэ.

ДЫГУЛЫБГЪУЖантинэ.



Iуэхущ IапIэхэм щIыхуэ ятелъэти

АДЫГЕЙ. *Республикэм и IуэхущIапIэхэм улахуэмкIэ щIыхуэ ятелъыжьхьым. Премьер-министр КIумпIылэ Мурат иджыблагъэ ар жрIащ Урысей Федерацэм и Президентым и полномочие лIыкIуэу Ищхьэ щIыналъэм щыIэ Устинов Владимир.*

- РЕСПУБЛИКЭМ и IуэхущIапIэхэм улахуэмкIэ сом мелуанищI щIыхуэу ятелъати, кьанэ щымыIэу япшыныжащ. Иджыпсту лэжьапIэнщэхэр зэрыхъур проценти 3,7-рэщ. ХэкIыпIэу щыIэр бизнес мыиным, кьурытым зегъэужьауэ IэнатIэщIэхэр кьызэIуухынырщ, - кьыхихгъэщащ КIумпIылэ Мурат.

Куржыхэм гражданствэ иратынукъым

АБХЪАЗ. *Республикэм и Президент Бэгъэлщ Сергей «Гражданствэм и IуэхуэкIэ» щIыпIэ законым тёухуауэ кьыхилъхьа зэхъуэкIыныгъэхэмкIэ зэрымыарэзыр кьаГъэлъагъуэу Сыхъум къалэ иджыблагъэ пкIу зыбжанэ щекIуэкIащ.*

БЭГЪЭПЩ Сергей законым зэхъуэкIыныгъэу хигъэхьэну кьыхилъхьат Гал районым щыпсэу куржыхэм, щтапIэ ихьэжауэ щIыналъэм кьэзыгъэзэжахэм, Iэщэ зыIыгъыу зэуахэр зэгъэкIауэ, Абхъазым и гражданствэ иратыну, республикэм щIы щащэжу хъуну хуитыныгъэ яIэну. Ауэ иужькIэ Президентым дэфтэрым иригъэгъэзэжащ, щIыхуэм я псалъэм щIэдэIури. Абы кьызэригъэлъагъэщи, Абхъазым щыпсэу куржыхэм гражданствэ иратынукъым.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэдзыкIакIуэ лъапIэхэ! Гу лъыдгъэтэну дыхуейщ шыщхьэIум и 20 пщIондэ ди газетым Iэ щIэвдзмэ, ар фокIадэм и 1-м щыщIэдзауэ нызэрыфхуахьынум.

МазиплIым газетым и уасэщ сом 240-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Iэ щыгъэвдзэ хъунущ республикэм и пощт IуэхущIапIэ псоми.

Ди индексэр 51531

● КъБР-м и прокуратурэм

Ялэжьам хэплъэжащ

Къэбэрдей-Балькъэрым и прокуратурэм щыгъэзэгащ республикэм и хабзэхьумэ органхэм я лэжьакІуэхэр яукІыну зэрыгъэзэм пощІэныным теухуауэ мы гъэм и яІэ ныкъуэм зэгъусэу ятІожьа Іуэхугъуэхэм щыхьлъэжа зэІущІ.

А ЩІэПХЪАДЖАГЪЭ лЭуэжьыгъуэр хъэмыгъэхъунымкІэ екъулІэныгъэхэр зэрагэр зэІущІэм къыщыхагъэщащ. Псалъэм папщІэ, хабзэхьумэ Іуэхущапхэхэм я лэжьакІуэхэр яукІыну зэрытеуэр нэхъ мащІэ хьуащ процент 18,8-кІэ. Республикэм и МВД-мэ Урысейм и ФСБ-мэ зэрыгъэзэжащ 20 ирагъэкІуэжащ, хабзэм къемызэгъыу ЩІэкІэ зэщІэуэзэд гупхэр къэгъуэтауэ зыщыпыкІэ ехьулІэу. Іуэхущапхэм екІуалІэу езыхэм затыныжкІэ. Іэщэ гъэпщкІупІэу 18 къагъуэтащ, абыхэм къыщІахащ Іэщэ зэмылІэужьыгъуэу 40, гранатэу 48-рэ, щэ зэмылІэужьыгъуэу мини 10, езыхэм зэпкъралъхьэжа лагъымэ 14, къагъауэ веществоу килограмм 100, детонатору 34-рэ, радиостанцыу 76-рэ.

Бгыпхъэмзыльэ щІыпІэхэм щыгъэтракъутащ боевикхэм я зэтеуцожьапІэу 6. Абыхэм ящыщу 2-р хуэщІат пІалъэ кІыхькІэ гъэпщкІуэу зэрыщыпсэуным. ИрагъэкІуэжа Іуэхугъуэ щхьэхуэхэм хэкІуэдащ щІэпхъаджащІэ 18.

А екъулІэныгъэхэм къадкІуэу, зэІущІэм щыжащ КъБР-м щІэпхъаджагъэ куэд зэрыщалэжьыр, хамэм и мылъку зыІэрыгъэхьэн мурадкІэ. БзаджащІэхэр Іэщэ яІыгъыу хьэрыуэтыщІэхэм ятоуэ, унагъуэхэр яхъунщІэ, автомашинэхэр прахуэхьэри яІыгъу. Хабзэхьумэ Іуэхущапхэм зауэлІэмрэ яукІыну щІытеуэм иІэр зы щхьэусыгъуэщ - республикэм къуГъэ къыщыІэтыныбгъ, щІыхуэхэр гъэшІэнэныбгъ, властым и мыхьэнгъэ щыпхъуэ. Абы къыхэкІыу хабзэхьумэ органхэм гулыитэшхэу хуащІ щІыхуэхэм Конституцэм къаритт хитныныгъэхэр хьэмэным, законкъэ гъэбыдэным, лъэпкъ зэхуэщытыкІэхэр зыубгъыкъу законодательствэм кьигъэуэ Іуэхугъуэ псори дагъуэшІэну гъэзэщІэным, экстремизмэмрэ терроризмэмрэ зэпэщІэтыным.

ЗэІущІэм хэтахэм гу лъатащ ялэжь псоми мыхьэнэщхуэ зэримыІэнум, а Іуэхугъуэм республикэм щыпсэу щІыхуэхэр, псом хуэмыдэу щІалэгъуалэр, къакъуэмыувэмэ, нэхъ Іенжащи, а псори абыхэм зыкІи ежьмыІуэхуэмэ. ЗэІущІэм унафэ кІыщащтащ жылагъуэ зхуэдэхэр къэгъэщІэжьын хуейуэ, абы властым и кІуэдамэ зэмылІэужьыгъуэхэр - депутатхэри, цІыхубэ, политикэ зэгухьанысгъэхэри, нэгъуэщІхэри хэтыщхьэу.

МЫРЗЭКЪАН Лиуай.

● «Баксанский вестник» газетыр илъэс 70 ирикъуащ

ЩІэджыкІакІуэхэр зыхуэарэзы

Бахъсэн дэт Щэнхабзэмкіэ унэм иджыблагъэ щекІуэкІащ «Баксанский вестник» газетыр илъэс 70 зэрыриікъуам теухуа пщыхь дахэ.

ПШЫХЬМ зыкъраГэхьэлІащ КъБР-м хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьанысэхэм ядалэжьнымрэ щІалэгъуалэм Іуэхуэсакъыпкъэ и министр **Пащты Борис**, КъБР-м и Журналистхэм я союзым и унафэщІ **Мэзыхьэ Борис**, «Нальчик» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дзэмыхь Лилэ**, район администрацэхэм я унафэщІхэм, куей газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэм, «Эдельвейс» телевидениэм и лэжьакІуэхэм. Напшъе, а дэт полиграфкомбинатым и унафэщІ **Къудей Владимир** сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЗэІущІэр къызэІуихащ икІи газетыр иІэуж 50 зэрыриікъуамкІэ хъуэхъу дахэ жиІащ Бахъсэн кІалэ щыІпІэ самоуправленэм и унафэщІым и кІуэдзэ **Ахьмэт Зарета** «Баксанский вестник» газетым и редактор нэхъыщхьэ **Дотькъуэ Сэфарбий** пшыхьым кьрихьэлІахэр щигъэгъуэзащ газетым и тхыдэм, я щІэджыкІакІуэхэр арэзы щыпсынымкІэ ялэжь Іуэхугъуэхэм, ягу кьигъэкІыжащ нэхъапэкІэ абы щыпсэжьа нэхъыжьыфІхэр, мы зэманым я журналистхэм я зэфІэкІми и гугъу ящІащ.

- Лэжьыгъэ купщІафІэ зэрребгъэкІуэкІым дыщыІыуаэзщ, - жиІащ Пащты Борис. - Дяпэкіи фи зэфІэкІым хэвгъэхуэну, фи щІэджыкІакІуэхэр арэзы фщІыну си гуапэщ. Фыуэзнышэу илъэс куэдкІэ фи Іэнатіэр ефхъэжьну сынывохъэхъу.

Пащты Борис зи унафэщІ министерствэм къыбгъэдэкІ ЩІыхь тхылъхэмкІэ журналистхэм яхуэпсащ.

АдэкІэ Мэзыхьэ Борис УФ-м, КъБР-м я Журналистхэм я союзхэм къабгъэдэкІ щІыхь тхылъхэр яритыжащ.

Газетым псалъэ дахэ куэд хужаІащ Бахъсэн районым и администрацэм и унафэщІ **Къэдзэхъу Альберт**, абы и кІуэдзэ **Къаздохъу Олег**, «Советская молодежь», «Терек» газетхэм я редактор нэхъыщхьэхэу **Къардэн Мухьэмэдбэ Бесльэней Владимирр**, Бахъсэн районым дэта типографием и унафэщІу щыта, иджы пенсэм щыс, зауэм и ветеран **Балькъэр Мурыс**эмэ, Бахъсэн дэт пенсионнэ фондым и унафэщІ **Къумыкъу Іэминат**, куей ЗАГС-м и унафэщІым и кІуэдзэ **КІэрэф Мадинэ**, зи тхыгъэ куэд газетым къытехуэ **Зэгъэщтокъуэ Людэ** сымэ, нэгъуэщІхэми.

ЯгъэпапІэ Іуэхум и щІыхькІэ, Бахъсэн кІалэ администрацэм газетым и унафэщІ Іуэхум ГАЗ 21074 машинэр тыгъэ къахуищІащ. Пшыхьыр яГэдэхащ Бахъсэн дэт Щэнхабзэмкіэ унэм и артистхэм.

Езы газетым и тхыдэм кІэщІу и гугъу пщІымэ, 1939 гъэм мэкъуаугъуэрэм и 2-м Бахъсэн районым и щыхуэхэм папщІэ, «Большевикэм я гъэуГу» зи фІэщыгъэщІэ газетым и ягъ номерыр дунейм къытехьащ икІи абы щегъэжьауэ ар ефІакІуэ зэпытУ къоГъэуГурыкІуэ. Кьуажэдэхэм я псэукІэр къэзыгъэльагъуэ, зэфІэкІ ин зиІэ бахъсэндэхэм ятеуха тхыгъэ щІэщыгъуэхэм сыт щыгъуи газетым и напэкІуэцІ зэм укъыщеджэнущ. Кьыжэгъащхьэщ мы газетым къыхуэтхахэм Щоджэнщыкіу Алий зэрыщІэтыр.

Газетым сыт хуэдэ зэманми журналист цІэрыІуэхэр щылэжащ. Совет Союзым и лъэхъэнэм Къамбий Зуфар зи редактору щыта «Коммунист»-м къэрал псом ксыщыдзкІ район газетхэм я деж ятІуанэ уевыпІэр щыІыгъ. А зэманкІэ журналист жыжьэу зыкьыгъэльагъэр иджыдистУ «Баксанский вестник» фІэщыгъэщІэр зыгъэуэта газетым и редактор нэхъыщхьэ Дотькъуэ Сэфарбий.

Газетым и щІэджыкІакІуэхэм нобэр къызэдэсым фІыуэ ящІэж абы и журналист цІэрыІуэхэу Хьэмдзэхъу Темыржан, Даур Зультан, ХьэщІэмыкъ Мухьэмэд, Абыт Алий, ЩыкІэбахъуэ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщІ куэдри. Илъэс щащІым щІигъуауэ я лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтщ редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ Молчанов Олег, жуэап зыкъ секретарь Дым Таисэ, хьыбарыщІэхэмрэ письмохэмкІэ кІудамэм и унафэщІ Василенко Татьянэ, «Мамурэгъэпс» напэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр Емкъуж Лидэ, тхыгъэхэр тезыдзэ Антоновэ Зинаидэ сымэ, Кіасэ Светланэ и фІыгъэкІэ газетым игъуэтащ иджырей тепІэз, абы къыдигъэкІ щэбэт напэкІуэцІхэр минитхум щІегъу.

Газетым и фІэщыгъэщІэр мызэ-мытІэу ихъуэжами, абы и фІагъым хэхъуа мыхъумэ, екІэкІыгъаеж.

ТАБЫЩ Динарэ.

ГущІэгъуэ и гъуазэу



КІэбышэ Валерэ дохутыр Іэщагъэм зэрырилажьэрэ илъэс 30-м нэсащ. 1982 гъэм ІэщагъэлІ ныбжьыщІэм лэжьэн щыщІидзащ жьэн узыфэхэм щеІэзэ республикэ диспансерым. Ординатору езыгъэжьа Валерэ зэман кІэщІым кІуригъэІущ фІыуэ хэгъуэзащ, а уиэгъахьуэ зэпытдохутыр щІалэм къыжраІэ, и нэгу щІэкІ псори игу ирихьыдэрт, ахэр нэхъри фІэхьэлэмэт хьууэрэ къэхутэныгъэщІэхэм зыхуищІыр.

Зы ильэс нэхъ дэмыкІыу КІэбышэр ягъэкІуащ тхьэмбылым еІэзэ дохутыр хирургхэм я Іэщагъэм щыхагъахьуэу Ленинград дэт институтым. Профессор цІэрыІуэхэу Александров, Малиновский сымэ я нэІэм щэту, КІэбышэм иригъэфІэкІуащ бгъэдэль Іэзэгъэр, и щІэныгъэми хигъэхьащ. Жьэн узыфэхэм еІэзэнымкІэ а лъэхъэнэм игъэтІылъа лъабжьэр Валерэ щигъэбыдащ УФ-м Узышыгъэр хьуэмэнымкІэ и министерствэм егъэщыпхьуэ Москва дэт физиопульманологие щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым.

- Абы щыгъуэм сэ сщІакІэт операцэ зыбжанэ, фтизиохирург Іэнатіэми екъулІэныгъэ гуэрхэри щызыпІэт. ИтІани, а институтым сыщыщыІа илъэсхэм куэд кьызатауэ кьыщольытэ, езгъэкІуэкІа къэхутэныгъэхэри си кандидат диссертацэм лъабжьэ хуэсщІауэ щытащ. Апхуэдэу сэ и иджыри зэ хьэкъсщыхьуащ медицинэ щІэныгъэр зэрыгъуэнакъыпэщэр, абы нахуэ кьэс щІэкІуэд кьыэзрыхьхьэр, а Іуэху зехьэкІэщІэхэм дэтхэнэ зы дохутырри щыгъуэзэ хьун зэрыхуейр, - пещэ Валерэ.

УФ-м Узышыгъэр хьуэмэнымкІэ и министерствэм и фтизиохирург нэхъыщхьэ Стрельцов Виктор и унафэщІу Валерэ и кандидат лэжьыгъэр екІуу игъэзэщІащ икІи екъулІэныгъэкІэ ар Москва щыпхигъэкІащ. Медицинэ щІэныгъэхэм я кандидат КІэбышэр, зэфІэкІ льагъэхэр кьызыкъуэкІ хирург щІалэщІэр, ирагъэблэгъат щыхьэрым щыІэ сымаджэщ инхэм ящыщ щым кьыщыІнэу щылэжьэну, арщхькІэ абы нэхъ кьищтащ и зэфІэкІыр, щІэныгъэр и льаехэм, щалъуэ щыІнальэм и цІыкуэхэм къахигъэсэбэпмэ. Хэкупсэ гъэсэныгъэ зыбгъэдэль Валерэ и тхьэкІуэлэм итт еджапІэ щыкІуэм и адэм кьыжриІауэ щыта псалъэхэр: «Уи Хэку цыкІум кьэгъэзэж, си щІалэ. Адэжь щІынальэр ІэщІыб умыщІ».

Нэхъыжь и жьІэ едэІуауэ щІегъуэж щІыжьым. КІэбышэри текІакьым и адэм и уцие псалъэм. Къэбэрдей-Балькъэрым кьигъэзэжа нэужь, Валерэ и Іэнатіэм пэрыуэжащ. ЩІэныгъэ куу зыбгъэдэль ІэщІагъэлІыр диспансерым и дохутыр нэхъыщхьэм и кІуэдзэ ящІащ. 1996 гъэм ар ягъэуващ жьэн узыфэхэм щеІэзэ республикэ Іуэхущапхэм и дохутыр нэхъыщхьэу.

КІэбышэм зэрыжиІэмкІэ, жьэн узым икІуэдыкІ цыхухэм я бжыгъэр куэд нахь.у. Кавказ Ищхьэрэм и адрей щІынальэхэм елыитауэ ди республикэм а бжыгъэр щынэхь лъахъшэми, Іэнатіэр эзпщІыкІыу ефІэкІуэн папщІэ мылъкушхуэ ухуейщ. Кьэралым абы хухих ахьшэр хурикъуркъым сымаджэхэр хущхьуэкІэ кьызэрыгъэнымыІ, ахэр зыхуей хуэзэу гъэшхэнми, диспансерыр зэгъэпэщыжынми, а узыфэм земыгъэубгъуным пыщІа Іуэхугъэхэми. У нафэщІ щыпкъэ, лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщакІуэ Іэкіуэльакіэ. КІэбышэм и фІыгъэкІэ абы кьыщыІэІуахащ реанимацэ кьудамэ, иджыблагъэ комплектуэ томографи щагъэуващ. Зэман кьэкІуэнум Валерэ и мурадщ диспансерым и унэр зыхуей хуигъэзэжыну. Ар кьалэн гуГуащ, ауэ КІэбышэм и кьару псори ирихьэлІэнущ диспансерыр зэгъэпэщыжыным.

ІэщІагъэлІыр йогугъу сымаджэр гъэхъужьыным, ар сыт и льэныкъуэкІи зыхуей-зыхуэфІкІэ кьызэгъэпэщыным. Езым дапщэщи и дэІэпыкъуэгъуэ икІи и щІэныгъэкъуэнщ и щыбагъ кьыдэт унагъуэ дахэр: дохутыру лажьэ и щхьэгъусэ Ларисэрэ и щІалитІыпкъ. Абыхэми я гъащІэ щапхъэщ я адэр, нэхъыжьжьыфІыр. Ирогушхуэ абы и екъулІэныгъэхэм, жылагъуэм щиІэ пщІэмрэ и зэфІэкІымрэ, щыкъуэпсэ ар и Іэщагъэм псэ кьабдзэкІэ зэрыбгъэдэльм хуэдэу, езыхэри кьыхаха я Іэщагъэхэм ирилэжьэну.

- Дохутырыныр кьызэрыхэсхэмкІэ зэи сыщІеГъуэжакъым. СльэкІмкІэ щІэ-гъэкъуэн сахэо хъу, узыр зэрахьэ зэщІэсхьным сыхэщІокъу зи щхьэр кьыдэхьэхьэлІэ дэтхэнэ сымаджэмэ. Гиппократ и тхьэрыуэ зм дыкъыщІыхуриджэр псэ кьабдзагъэмрэ гущІэгъэмрэ ди гъуазэу, ди щІэныгъэмкІэ, зэфІэкІымкІэ сымаджэм сэбэп дыхуэхъынырщ, - жеІэ дохутыр Іэкіуэльакіуэм.

Апхуэдэщ КІэбышэ Валерэ и лэжьакІэр, псэукІэр, дуней тетыкІэр. Ди гуапэщ а цІыху щыпкъэм иджыри екъулІэныгъэ куэд иІэну, и мурадыфІхэм яльэІэсыну.

ЖУРТЫБЕЙ Риммэ.

● Дифл догъэхъапІэ

Зубер и лъэмыж

Ныр Зуберрэ Кумыщ Мухьэрбийрэ.

Сыт хуэдэ зэманми дэтхэнэ зы жылагъуэми дэсащ пщІэлей зыхуэфащэ, гулъытэ хэха къэзылэжьа цІыхухэр. Апхуэдэхэр ноби мащІэкъым. Арауэ къыщІэкІынщ иужь илъэсхэм хабзэ дахэ щІэхъуар къызыщІэкІа жылэр ефІэкІуэным псэ къабдзэкІэ тедажьэ цІыхухэм ЩІыхь зиІэ хуэдэ щІэджэдзэ цІэ лъапІэр зэрыбгъэщІыр.

КЪУЛЪКЪУЖЬН Ищхьэрэ къуажэ Советым и депутатхэм ираджьблагъэ кьыхалъхьат апхуэдэ жьрдэм. Кьуажэдзэхэм я фІыщІэр псом япэу зы лъысыпхъэу кьалъытэхэм я щІэпхъаджагъэ. Ар ирагъэкІуэн, ящІэнысыгъэкІэр гуэри иІэу зэрыщымытар къэплъытэмэ, генерал хъунри, дауи, Іуэхугъуэ кьызэрыгуэныкъуэ пхужьыкІ. Ауэ ар гъэщІэгъуэн зэгъэлеяи кьыпщыхъуркъым япэ кІасхэм щегъэжьауэ Мухьэбий пкъы иІэу, зыхуІэкъуэм и Іэр льиГэІэсыфу кьызэрэкІуэкІыр къэплъытэмэ. Щыстудентым щыгъуи, и унагъуэм дэІэпыкъун папщІэ, лекцэ нэужьхэм кьуажэм нэс къэкІуэжырэ, абы школым физикэмкІэ щриГьаджэу щытащ. Уеблэмэ, щригъаджэр ди кьуажэм и закъуэтэкъым. Ар сигу кьыщІэзгъэкІыжыр Мухьэрбий сыт щыгъуи щІалэ жану, фІы гуэр илжьыным и гур хэупабгъэу кьызэрыгъэгурыкІуэр кьриязгъэльэгъуэн папщІэщ. Ноби апхуэдэщ. Псыти, газти, Іуэгутри, лъэмыжти жьпІэмэ, кьуажэр зыгуэр хуей хъуэмэ, Мухьэрбий япэу кьагъуэтхэм ящыщщ. Абыи къыщыІэнэжьыркъым. СымаджагъэкІэ, гузэвэгъэу гуэркІэ убгъэдыхьэмэ, абы хуэдэ уигъэльльхъунщ. А псом ищІыжжкІэ, илъэс зыбжанэ хъуауэ Мухьэрбий ступендие ярет школым нэхъыфІу щеджэ, нэхъ хьэл-щэн дахэ зыхъэль цыху зыбгъупщІым. Хъарзынэтэкъэ апхуэдэ жэрдэм зыхэлъ цыху зыбжанэ кьуажэ кьэс дэсамэ. Сэ кьыззэрысфІэщІымкІэ, апхуэдэ цІыхухэр бгъэльэпІэнми, яхуэфащэ пщІэ яхуэпщІыным фэрыщІагъ лъэпкъ хэлъхьэм.

Махуэ зыбжанэ и пэкІэ газетхэм тетащ Кумыщ Мухьэрбий ди республикэм кьулыкъущІэ кьызэрыщыхуагъэфэщащ теухуа указ. Щэч хэлъкъым абы псом хуэмыдэжу кьулыкъужьыбдэсхэр зэрыщыгуфІыкІам. Ар икІи гурыІуэгъуэщ, сыту жьпІэмэ, хэти хуейщ гулъытэ щыгъуэтыр сыт щыгъуи нэхъ пэгъунэгъуэ щытыну.

АЛЫДЖ Джэрий.

● Прохладнэ куей

НэхъыфІхэм хабжэ

КъБР-м и Президентым Парламентым Зарызыхуигъэзам кьыхэщ Іуэхугъуэ пэрытхэм ящыщщ цІыхухэр псэупІэкІэ кьызэгъэпэщныр, кьуажэдэхэм я псэукІэр ефІакІуэ зэпытУ кьоГъэуГурыкІуэ.

Кьуажэдэхэм я псэукІэр кьэзыгъэльагъэу, зэфІэкІ ин зиІэ бахъсэндэхэм ятеуха тхыгъэ щІэщыгъуэхэм сыт щыгъуи газетым и напэкІуэцІ зэм укъыщеджэнущ. Кьыжэгъащхьэщ мы газетым кьызэтухахэм Щоджэнщыкіу Алий зэрыщІэтыр.

Газетым сыт хуэдэ зэманми журналист цІэрыІуэхэр щылэжащ. Совет Союзым и лъэхъэнэм Къамбий Зуфар зи редактору щыта «Коммунист»-м къэрал псом ксыщыдзкІ район газетхэм я деж ятІуанэ уевыпІэр щыІыгъ. А зэманкІэ журналист жыжьэу зыкьыгъэльагъэр иджыдистУ «Баксанский вестник» фІэщыгъэщІэр зыгъэуэта газетым и редактор нэхъыщхьэ Дотькъуэ Сэфарбий.

Газетым и щІэджыкІакІуэхэм нобэр къызэдэсым фІыуэ ящІэж абы и журналист цІэрыІуэхэу Хьэмдзэхъу Темыржан, Даур Зультан, ХьэщІэмыкъ Мухьэмэд, Абыт Алий, ЩыкІэбахъуэ Хьэсэн сымэ, нэгъуэщІ куэдри. Илъэс щащІым щІигъуауэ я лэжьыгъэм гурэ псэкІэ бгъэдэтщ редактор нэхъыщхьэм и кІуэдзэ Молчанов Олег, жуэап зыкъ секретарь Дым Таисэ, хьыбарыщІэхэмрэ письмохэмкІэ кІудамэм и унафэщІ Василенко Татьянэ, «Мамурэгъэпс» напэкІуэцІыр зыгъэхьэзыр Емкъуж Лидэ, тхыгъэхэр тезыдзэ Антоновэ Зинаидэ сымэ, Кіасэ Светланэ и фІыгъэкІэ газетым игъуэтащ иджырей тепІэз, абы къыдигъэкІ щэбэт напэкІуэцІхэр минитхум щІегъу.

Газетым и фІэщыгъэщІэр мызэ-мытІэу ихъуэжами, абы и фІагъым хэхъуа мыхъумэ, екІэкІыгъаеж.

ТАБЫЩ Динарэ.

Адыгэ жьэгум и гуащэ

● Щапхъэ

Ди лъэпкъым и щІэр лъагэу зыІэта адыгэ бзыльхугъэхэм, дуней псом зи щІэр щыІуахэм я щапхъэм урикІынкІэ, дауи, тыщыкъыщІ. Зэныныр гугъущ, цІыхухэм я зэхэтыкІэмэ, гупсысэкІэмэ, езы гъащІэмэ захъуэжащ, ауэ ноби дэ, кьыхэтэщ адыгэм и щІыхьыр льагэу зыІэт, унагъуэ жьэгур зэтезыныгъэ, зыгъэхуабэ бзыльхугъэхэр. Абыхэм ящыщщ си тхьгъэр зытеуХуа Дыгъужь Іерэ.

КЪЭБЭЩЕЙ-Балькъэрым хыхьэ Старэ Щэрэдж къуажэм кьышІалъхуа Дыгъужь (Тхьэзэпль) Іерэ, сабингъуэр абы щриКъэІами, нужькІэ кьуэпс бгъэдэІэ пыщІа хъуащ Къэрэшей-Щэрджэсым. Абы кьежьапІэ хэхъуари Москвращ. ЩІэнхабзэмкІэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэльр Іерэ. А лъэхъэнэ дыдэм Горький и цІэр зезыхьэ Москва къэрал литературэ институтым и студентт Дыгъужь Къурмэн. И ныбжьыгъу Тхьэзэпль хьэсэн и щыпкъэ щыхьэрым еджапІэ кьыщІэуващ. Абы кьежьапІэ хэхъуари Москвращ. ЩІэнхабзэмкІэ щІэныгъэ куу зыбгъэдэльр Іерэ и ныбжьыгъэ ящІ. И кандидат гъэкІэрыкІуэ щІэныгъэ-гъэсэныгъэ ящІ. Ар кьежьапІэ хэхъуа Даур Асльэнрэ къэбэрдей хъыджэсІыбэм деж лъэныкъуэкІэ кьІуащ, абы и Іуэху зыІут, кьалэшхуэм щекІуэкІ гъащІэм зэрыхэзагъэр зрагъащІэну. Апхуэдэу зэрыщІыхуаяр щытащ щэрджэс щІалэмрэ кьэбэрдей пщащэмрэ. Ар кьежьапІэ хэхъуащ абыхэм я насыпыр зы хъуным.

Къурмэнрэ Іерэрэ зэхуэфащэ дыдэу зэрихьэІат. Ар нэрыльагъэу кьищІащ а тІум здэрахьэкІа гъащІэм.

Илъэс 25-м нэсащ Къурмэн тхьэмыщкІэр зэрыгъэкІыжрэ, ауэ абыхэм кьагъэщІа жьэгур Іерэ ихъумэфащ, иГэкІуэдакъым и щхьэгъусэм кьыхуигъэна уябагъэр, гуапагъэр, адыгагъэр. Гуауэр кьытепсыха нэужь, Іерэ ибг щІикъуэзри, и пщэ кьыдэхуа кьалэнхэр екІуу зэрыхэфІыкынымкІэ ихьащ. Псом нэхъри нэхъыщхьэрати, абы Къурмэнрэ езымрэ я бынитІыр лъэ быдэкІэ гъащІэм хигъэщащ, Іэщагъэ, щІэныгъэ яригъэгъэтащ. Заур Москва дэт химико-технологие академиер екъулІэныгъэкІэ щІэныгъэ кьнухащ, нужькІэ юрист Іэщагъэрэ яригъэгъэтащ. Заур Москва дэт урысей-италие академием щІэныгъэ щІэзригъэгъэтащ, КъБКъУ-м тхыдэмкІэ и факультетым кьнухащ. Щэрджэсым щІэныгъэ зыхуэфащэ нэмыщІ, фІы дыдэу ещІэ инджьлызыбзэр, нэмыщбзэр, зыхуеныбзэр. Иджыпсту Германием и Дрезден къалэм щолажьэ, ас пирантурэми и щІэныгъэм щыхэгъахьуэ.

Ахэр ирогушхуэ икІи иропагъ и бынхэм лъэпкъым хуэфащэ цІыху къаІэрищІыкІам. «Ахэр гъащІэм щызиІэ екъулІэныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэщ, - жеІэ абы Зауррэ Зарэрэ я гуфІэгъуэ щинащІ». Кьыжьбзэн хуейщ, адыгэ бзылъхугъэ уардэм гъащІэм щызэфІигъэкІа лэжьыгъэхэр абдеж кьызэрыщымыувыІар. Москва щызригъэгъуэта щІэныгъэ нэхъыщхьэм нэмыщІ, Іерэ лажьэурэ кьнухащ Ставрополь дэт мэкъумэщ академинер, Жылагъуэ щІэныгъэхэмкІэ Москва академиер.

ЕгъаджэныгъэГэ-гъэсэныгъэ Іэнатіэр Черкесск дэт гимназиер, зэныгъэ-гъэсэныгъэ, щІэбгъэр хэкупсэу гъэсэныгъ.

Іерэ апхуэдэуи жылагъуэ лэжьакІуэ емызэщІу. Ар жьдэжьу хэ тщІ «Ярысейм и гупапІэхэр- жьлагъуэ бзылъхугъэ зэщІэхьеенныгъэм, Адыгэ Хасэм иригъэкІуэкІ Іуэхугъуэ куэдми кьыхуожанакІ. Апхуэдэ и Іэ лъжьыгъэфІхэм папщІэ Іерэ мызэ-мытІэу щІыхь, щыхтэу тхылъ хэмкІэ ягъэпжащ. А лъэ- кьаблгъэдэкІащ КъБР-м Егъэдзэкъэнымрэ щІэныгъэмкІэ и министерствэм, парт, жылагъуэ зэгухьанымрэ.

Бзылъхугъэ щыпкъэм хэпъ хьэл-щэн дахэм, адыгагъэм, Іущагъэм, щІэныгъэм, щэч хэмылъу, щІэдзапІэ яхуэхьуар ар кьызыхэкІа кьэбэрдей унагъуэ дахэращ. Іерэ и адэ-анэу Мысэдэр Чэдихьанрэ зыхьхьэм фІыкІэ кьахэщу, сыткІи щапхъэу жылэм дэсащ. ЗыхьэпсэукІа зэманым и лІыхъужьет ахэр: Мысэдэ кьуажэм щызэхэт колхозым и тхьэмадэт, Чэдихьан нартыгуГэкІ звено пэрытым и пашэт. Зэщхьэгъусэхэм зэдапІащ, гъэсэныгъэ дахэ, щІэныгъэ ираташ я бынитхьм. Іерэ хуэдэу, дэтхэнэми зыІут Іэнатіэр иригъэфІакІуэу, я адэ-анэм я щапхъэр я гуаэзэу гъащІэм хэуваш.

ГъащІэ арэфынэм и гоупкъым зеджалэхэм зы льэныкъуэкІи зримыгъэдзу, и гъащІэ гъэгур екІуу кьызэпечы Дыгъужь Іерэ. ЗыитеуВ зыпІэрыгъэ ящІ. Ар ирагъэкІуэн папщІэ жызымей кІыкІуэр ирапх, абы къыдэкІуэу жызым Іуэхьжьгъуэм зыхуагъэхьэзыр.

Предприятэм и унафэщІ Тхьэлыджокъуэ Сэфарбий зэрыжиІэмкІэ, нобэ ягъэлажьэ щыху 450-р кьомэщІэкІ. Зыхуейм хуэдиз щІыху лэжьыгъэм кьахуэшалІэркъым, улахуэ хьарзынэ и чэзум фІимышу ират пэтми. «Жызым» агрофирмэм и кьудамэ зыжьжьауэ мы илъэсым «ТкІуэпс псыщІэ гъэльэгъэкІэ» мардэм хуагъэкІуэну я мурадщ. Апхуэдэу фІыкІэ щогугъ зэрыхасэрэ куэд мыщІа жызымей гектари 150-м. ЩІыІэми фІыуэ пщІэтыф сортхэр хьарзынэу хэкІащ. ІэщІагъэлІхэм шэч кьытрахьэркъым фейдэ кьыщыпыкІ жызымым республикэм и АПК-м хуэфащэ уевыпІэ зэрыщыубыдыкынум.

ЖАНХЪУЭТ Зэуэ.

● Тэрч куей

Жызым хадэхэр къощІэрэщІэж

Тэрч куейм щыІэ «Жызым» Іуэхущапіэм и хадэхэр гектар 800-м къыщигъэщІэрэщІэжьи хуэзфІэкІащ. Лъэбыдкіэ ува хозяйствэ техникэ, зыхуей-зыхуэфІ Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ къыгъэгъэпэщащ.

МЫБЫ ЩЫЛАЖЬЭ ІэщагъэлІхэм ящІэ жызым гъэкІыжьмэ абы щІэджэкІыжмрэ пыщІа щэху псори. Мы зэманым агрофирмэм и лэжьакІуэхэм гъатхэм хаса жызымей щыкІуэр ирапх, абы къыдэкІуэу жызым Іуэхьжьгъуэм зыхуагъэхьэзыр.

Предприятэм и унафэщІ Тхьэлыджокъуэ Сэфарбий зэрыжиІэмкІэ, нобэ ягъэлажьэ щыху 450-р кьомэщІэкІ. Зыхуейм хуэдиз щІыху лэжьыгъэм кьахуэшалІэркъым, улахуэ хьарзынэ и чэзум фІимышу ират пэтми. «Жызым» агрофирмэм и кьудамэ зыжьжьауэ мы илъэсым «ТкІуэпс псыщІэ гъэльэгъэкІэ» мардэм хуагъэкІуэну я мурадщ. Апхуэдэу фІыкІэ щогугъ зэрыхасэрэ куэд мыщІа жызымей гектари 150-м. ЩІыІэми фІыуэ пщІэтыф сортхэр хьарзынэу хэкІащ. ІэщІагъэлІхэм шэч кьытрахьэркъым фейдэ кьыщыпыкІ жызымым республикэм и АПК-м хуэфащэ уевыпІэ зэрыщыубыдыкынум.

ЖАНХЪУЭТ Зэуэ.

Щіэныгъэр псэм и беягъщ

● Ди псэлъэгъуахэр

*Зыхуеджа Іэщіагъэмкіэ арэзы мыхьуу , нэгъ пасэу дэзыльэха Іофхэм зезытыж цыхухэм яте уа уа щапхьэхэр гъащіэм щыгъэжщ. Уеблэмэ апхуэдэх эращ нэхъыбэм хуэпабгъэри, зыхуцІыкІыр ззэыгъэхуэІофри, я щхэр кьыхэрагъэпщІыж Іэщіагъэм ирилажьэ и гъащіэр ямыгъэшІэу, екъуэдмкіи ящыгъэ ерыщу хуэмыдэу. Ди псэлъэгъу Дзэгъэл Анатолэ я пэу зрпгъэгъуэтар дохутыр Іэщіагъэщ - Налшык дэт медучилищэр кьнухащ. Ауэ тхыдэ щІэныгъэм и дуней гъунапкъэмкіи и щэхуэмрэ нахуэ кьыщІахэмрэ щЫмычу ягъэпІейтейр. Аращ Анатолэ КьБКъУ-ми тхыдэ хуэдамэм щІэтІыкъэжьыр, ар екъуІэнэжьхэр кьнухьыри кьызыжьар. Куэд щІакъым Дзэгъэлым Киев (Украинэ) щыІэ ЩІэныгъэхэмкіэ Академием и аспирантуэр кьыззрнуэрэ, кандидат лэжьыгъэ зэрыпхигъэкІэр.

- Дохутыр Іэщіагъэ зэбгъэгъэтауэ, Анатолэ, тхыдэм удихьэхьныр сыт кьызыхькІар?

- «Уи щІэныгъэр уи псэм и беягъщ, уи мылькур кьызыхуэссебэныр уи Іэпкьлъэпкъыщ» – жаІэ. Абы зыкьомкІэ ещхьыкІэ Іуэхум и кьежьыкІэри. Дохутыр Іэщіагъэм сфІэфІу сыкуеджат, хьарзынэу уи абы срилажьэрт, ау я сэрсэру сыщегупсысыжкІэ си псэм пэгъунэгъу дыдэр кьызэрызмыкъуэтар кьызгурыІуэжьыр. Сытегушхуэу Къэбэрдей-Балъкъэр университетым тхыдэмкІэ и кьудамэм сыщыщІэтысхьэм си ныб жьыр илъэс 30-м щигъуат. Иджы мис, ангъэ зэрыпсэуныр дохутыр Іэщіагъэм кьысхуехь, си гур зыгъэпІейтей тхыдэ щІэныгъэми селэжьыну Іэмал сиІэщ.

Тхыдэтхым дежкІэ нэ хьапэр и кьэхутэныгъэхэмрэ и тхыдэхэмрэ газетхэм, журналхэм кьытрыригъэдзэныр, Сэри, адрей тхыдэ щІэныгъэлІхэм хуэдэу, сыхущІокъу иджыри кьэс зи гугъу ямыщІа щІэ гугъэ кьызэрызгъэтуэным. ЗэрыжаІэу, зы тІелыджкэ гуэр кьэбгъэнэхун пащІэ, псоми яльагъур пльагъуу зыри зэмыгупсысам уегупсысын хуеиІуэ аращ.

- Уэ кьыпІысу тхыдэ щІэныгъэм сыт щІэ уэ «кьыщыззэІупхар»? Ущыпсэу Украинэмрэ Къэбэрдеймрэ пасэм зэрпызыщІэу щыта кьуэпсхэм ятеухуауэ, архив-хэм яхьума дэфтэрхэр кьыщыгъэІэгъуэ дзжыгъэ гъэщІэгъэнэ щІэкІ?

